# JASLARDI KITAP OQIWǴA QIZIQTIRIWDIŃ PEDAGOGIKALIQ HÁM RUWXIY ÁHMIYETI

**Dosjanova Janat Kalievna**
*Tárbiyashı -pedagog*
**Bauetdinova Shaxzada Kuatovna**
*Oqıwshı*

**Annotaciya:** *Bul maqalada jaslardı kitapqumarlıqqa qızıqtırıw máseleleri, onıń ruwxıy-ádep-ikramlılıq, intellektuallıq hám tárbiyalıq áhmiyeti ilimiy-pedagogikalıq kózqarastan talqılanadı. Kitap oqıwdıń shaxstıń pikirlewi, dúńyaǵa kózqarası, sóylew mádeniyatı, ǵárezsiz pikirlewi hám de sociallıq belsendiligin qáliplestiriwdegi ornı sáwlelendiriledi. Sonıń menen birge, zamanagóy informaciya keńisliginde jaslardıń kitapqa bolǵan qızıǵıwshılıǵın arttırıw jolları, shańaraq, bilimlendiriw mákemesi, kitapxana hám jámiyetshiliktiń birge islesiwiniń áhmiyeti ashıp beriledi. Maqalada kitapqumarlıq mádeniyatın rawajlandırıwdıń nátiyjeli usılları, innovaciyalıq jantasıwlar hám ámeliy usınıslar bayan etilgen.*

**Gilt sózler:** *kitapqumarlıq, jaslar, oqıw mádeniyatı, ruwxıy tárbiyası, bilimlendiriw, pikirlew, intellektuallıq rawajlanıw, oqıw motivaciyası, kitapxana, shańaraq, pedagogikalıq jantasıw.*

## KIRISIW

Búgingi globallasıw, sanlı texnologiyalar hám informaciya aǵımı keskin tezlesken dáwirde jas áwladtıń ruwxıy-intellektuallıq potencialın asırıw eń aktual wazıypalardan biri bolıp tabıladı. Jámiyettiń rawajlanıwı, birinshi náwbette, bilimli, tereń pikirli, dúńyaǵa kózqarası keń hám ǵárezsiz pikirley alatuǵın jaslar menen belgilenedi. Usınday kámil áwladtı tárbiyalawda kitap hám kitapqumarlıq ayrıqsha orın tutadı. Kitap - insaniyattıń kóp ásirlik ilimiy, kórkem, tariyxıy hám ruwxıy tájiriybesin ózinde jámlegen biybahalı derek. Ol tek ǵana bilim berip qoymay, bálki insan qálbin tárbiyalaydı, estetikalıq talǵamın qáliplestiredi, pikirlew sheńberin keńeytedi hám ómirlik poziciyasın bekkemleydi.

Jaslardı kitapqumarlıqqa qızıqtırıw máseleleri búgingi kúnde tek ǵana bilimlendiriw sistemasınıń emes, bálki pútkil jámiyettiń áhmiyetli social-ruwxıy wazıypasına aylanǵan. Sebebi jaslardıń qanday informaciya dereklerine múrájat etiwi, bos waqtın qanday mazmun menen toltırıwı, qanday ideya hám kózqaraslar tásirinde qáliplesiwi keleshek jámiyet kórinisin belgilep beredi. Usı tárepten alıp qaraǵanda, kitap oqıw - jaslardı joqarı ruwxıylıq, milliy qádiriyatlar, ilim-pán hám ulıwma insanıylıq principler ruwxında tárbiyalawdıń eń nátiyjeli quralların biri bolıp tabıladı.

Házirgi dáwir jaslarınıń informaciya qabıllaw usılı aldınǵı áwladlardan parıq etedi. Internet, sociallıq tarmaqlar, qısqa videolar, hár qıylı kewilashar platformalar jaslardıń dıqqatın tez tartpaqta. Bul jaǵday bir tárepten jańa imkaniyatlar jaratqan bolsa, ekinshi tárepten, kitap oqıwǵa ajıratılatuǵın waqıttıń azayıwına, tereń oqıw kónlikpesiniń páseyiwine sebep bolmaqta. Nátiyjede ayırım jaslarda analitikalıq pikirlew, tekstti tereń

túsiniw, pikir júritiw hám juwmaq shıǵarıw sıyaqlı áhmiyetli kompetenciyalar jetkilikli dárejede qáliplespey qalıwı múmkin. Sonıń ushın jaslardı kitapqumarlıqqa qızıqtırıwda dástúriy usıllar menen bir qatarda zamanagóy, interaktiv hám motivaciya beretuǵın jantasıwlardı keńnen qollanıw talap etiledi.

Kitapqumarlıq mádeniyatı insannıń oqıwǵa bolǵan talabı, kitap tańlay alıw sheberligi, oqıw processindegi tártibi, oqıǵan shıǵarmasın talqılay alıwı, onnan juwmaq shıǵarıwı hám ómirde qollana biliwi menen belgilenedi. Demek, jaslardı kitapqumarlıqqa qızıqtırıw tek ǵana kitap oqıwǵa úndew menen sheklenbeydi; bul, eń aldı menen, olarda oqıwǵa bolǵan talaptı qáliplestiriw, kitap penen doslasıw ortalıǵın jaratıw, kitaptı ruwxıy zárúrlik dárejesine kóteriw degendi ańlatadı. Bunda shańaraq, mektep, joqarı oqıw orınları, kitapxanalar, ǵalaba xabar quralları hám keń jámiyetshiliktiń birge islesiwi áhmiyetli orın iyeleydi.

Bul maqalanıń maqseti - jaslardı kitapqumarlıqqa qızıqtırıwdıń pedagogikalıq, ruwxıy hám sociallıq tiykarların sáwlelendiriw, kitapqumarlıq mádeniyatın qáliplestiriwge xızmet etetuǵın faktorlardı talqılaw hám bul baǵdardaǵı nátiyjeli usıllar menen usınıslardı ilimiy kózqarastan bayan etiwden ibarat.

Jaslardıń ruwxıy jetilisiwinde kitapqumarlıqtıń ornı

Kitapqumarlıq jámiyet ruwxıy rawajlanıwınıń áhmiyetli kórsetkishlerinen biri bolıp tabıladı. Kitap oqıw arqalı jas áwlad tek ǵana bilim almay, bálki insanıylıq pazıyletlerin, ádep-ikramlılıq qaǵıydaların, milliy hám ulıwma insanıylıq qádiriyatlardı da ózlestiredi. Kórkem, ilimiy, tariyxıy, publicistikalıq hám aǵartıwshılıq ádebiyatlar jaslardıń pikirlew álemin bayıtıp, olarda haqıyqatlıqtı talqılaw, turmıslıq qubılıslarǵa sanalı múnásibet bildiriw kónlikpesin qáliplestiredi.

Kitap oqıǵan jastıń sózlik baylıǵı keńeyedi, sóylew qábileti rawajlanadı, pikirdi bayan etiw mádeniyatı jetilisedi. Ásirese, kórkem ádebiyat insan ruwxıylıǵına tereń tásir kórsetip, onda tilekleslik, jaqsılıq, watansúyiwshilik, ádillik, miynetsúygishlik sıyaqlı pazıyletlerdi kamalǵa keltiredi. Al, tariyxıy hám ilimiy ádebiyatlar bolsa jaslardı óz xalqınıń ótmishi, búgini hám keleshegi haqqında tereń oylanıwǵa shaqıradı. Sonıń ushın da kitapqumarlıq shaxs tárbiyasınıń áhmiyetli quramlıq bólegi sıpatında qaraladı.

Oqıw procesinde jas kitapqumar tayın informaciyanı ápiwayı ǵana qabıl etpey, bálki onı talqılaydı, salıstıradı, ulıwmalastıradı hám juwmaq shıǵaradı. Bul bolsa sınshıl pikirlew, logikalıq pikirlew hám ǵárezsiz qarar qabıl etiw sıyaqlı kompetenciyalardıń rawajlanıwına xızmet etedi. Házirgi informaciyalıq hújimler kúsheygen dáwirde mine usı kónlikpeler jaslardı hár qıylı zıyanlı ideyalar, jalǵan informaciyalar hám ruwxıy qáwiplerden qorǵawshı áhmiyetli faktor bolıp xızmet etedi.

Kitapqumarlıqqa qızıǵıwshılıqtı qáliplestiriwdiń pedagogikalıq tiykarları

Jaslardı kitapqumarlıqqa qızıqtırıw maqsetli, sistemalı hám úzliksiz pedagogikalıq iskerlikti talap etedi. Bul processte eń áhmiyetli másele – kitaptı májbúriyat emes, al mútájlik hám qızıǵıwshılıq deregi sıpatında ańlatıw bolıp tabıladı. Eger oqıwshı yamasa student kitaptı tek tapsırma yaki baha ushın oqısa, onda oqıwǵa degen ishki mútájlik

qáliplespeydi. Sol sebepli pedagog kitapqumarlıqtı xoshametleytuǵın, qızıqlı hám jeke motivaciyaǵa tiykarlanǵan usıllardı tańlawı kerek.

Bárinen burın, jaslardıń jas ózgesheligi, qızıǵıwshılıq sheńberi, dúnyaqarasın hám oqıw dárejesin esapqa alǵan halda ádebiyat tańlaw áhmiyetli. Baslanǵısh jastaǵı balalarda ertek, shıǵarma hám súwretli kitaplar arqalı oqıwǵa mehir oyatılsa, óspirimlik dáwirinde qaharmanlıq, doslıq, watansúyiwshilik, turmıslıq tańlawlar menen baylanıslı dóretpeler olarda tereńirek qızıǵıwshılıq oyatadı. Student-jaslar ushın bolsa ilimiy-kópshilikke arnalǵan, filosofiyalıq, tariyxıy, psixologiyalıq hám motivaciyalıq ádebiyatlar oqıw mútájligin bekkemlewge xızmet etedi.

Pedagogikalıq tárepten kitapqumarlıqtı rawajlandırıwda sáwbet, pikir talas, kitap prezentaciyası, dóretpe talqılawı, dóretiwshilik ushırasıwları, kitapqumarlıq tańlawları, «eń belsendi kitapqumar» sıyaqlı xoshametlewshi formalar nátiyjeli esaplanadı. Oqılǵan dóretpe boyınsha pikir almasıw, qaharmanlardıń xarakterin talqılaw, dóretpedegi ideyanı zamanagóy turmıs penen baylanıstırıw jaslardıń oqıǵan kitabın ańlaw dárejesin asıradı. Bunday shınıǵıwlar oqıwdı passiv procesten aktiv intellektual iskerlikke aylandıradı.

Shańaraq ortalıǵınıń kitapqumarlıqtı qáliplestiriwdegi áhmiyeti

Jaslardıń kitapqa bolǵan múnásibeti kóp jaǵınan shańaraqtaǵı ruwxıy ortalıqqa baylanıslı. Perzent kitapqa mehirdi, bárinen burın, shańaraqta kóredi. Eger ata-ana kitap oqısa, úyde kitap tekshesi bolsa, perzent penen kitap haqqında sáwbetlesse, onda tábiyiy túrde kitapqumarlıqqa unamlı múnásibet qáliplesedi. Shańaraq – kitapqumarlıq mádeniyatınıń dáslepki mektebi.

Perzentti kitap oqıwǵa undawdıń eń nátiyjeli usıllarınan biri – oǵan kitap oqıwdı buyırıw emes, bálki kitapqumar ortalıqtı jaratıw bolıp tabıladı. Máselen, shańaraqta hár kúni belgili waqıttı oqıwǵa ajıratıw, perzent penen birge kitap dúkanları hám kitapxanalarǵa barıw, oqılǵan dóretpe haqqında sáwbetlesiw, tuwılǵan kún yaki bayramlarda kitap sawǵa etiw sıyaqlı ádetler kitapqumarlıqtı kúndelikli turmıstıń tábiyiy bólegine aylandıradı. Ásirese, ata-ananıń jeke úlgisi bul baǵdarda júdá kúshli tásirge iye.

Shańaraqta perzenttiń qızıǵıwshılıqlarına sáykes ádebiyatlardı tańlaw da áhmiyetli. Hár bir balaǵa birdey kitap usınıs etiw kútilgen nátiyjeni bermewi múmkin. Birew tariyxqa, birew tábiyatqa, jáne birew kórkem dóretpelerge qızıǵadı. Sonıń ushın kitap tańlawda individual qatnas tiykarǵı ólshemlerden biri bolıwı kerek. Shańaraq hám bilimlendiriw mákemesiniń bul baǵdardaǵı birge islesiwi bolsa kitapqumarlıqtı jáne de bekkemleydi.

Bilimlendiriw mekemelerinde kitapqumarlıq mádeniyatın rawajlandırıwdıń jolları

Mektep, akademiyalıq licey, kolledj hám joqarı bilimlendiriw mekemeleri jaslardı kitapqumarlıqqa qızıqtırıwda tiykarǵı sociallıq institutlardan esaplanadı. Bilimlendiriw mekemelerinde kitapqumarlıqqa baylanıslı isler tek ǵana ádebiyat sabaqları menen sheklenip qalmawı kerek. Barlıq pánler boyınsha oqıwshılardı qosımsha derekler menen islesiwge, ilimiy-ǵalabalıq ádebiyatlardı oqıwǵa, oqıǵan derekleri tiykarında pikir bildiriwge úyretiw zárúr.

Kitapqumarlıqtı rawajlandırıwdıń nátiyjeli usıllarınan biri – pánleraralıq integraciya. Mısalı, tariyx páninde tariyxıy romanlar hám memuarlar, biologiyada tábiyat haqqındaǵı ilimiy-ǵalabalıq kitaplar, huqıq pánlerinde huqıqıy sananı qáliplestiriwshi ádebiyatlar usınıs etiliwi múmkin. Bul usıl jaslardıń kitaptı tek ǵana kórkem lezzet dáregi emes, al hár qıylı tarawlar boyınsha bilim alıw quralı sıpatında túsiniwine járdem beredi.

Bilimlendiriw mekemelerinde "kitap hápteligi", "bir ay – bir kitap", "kitapqumar studentler klubı", "kitap oqıw kesheleri", "jazıwshılar menen ushırasıw", "ashıq kitapxana kúni" sıyaqlı ilajlardı turaqlı shólkemlestiriw de áhmiyetli. Bunday ilajlar kitaptı sociallıq qádiriyat sıpatında násiyatlaydı, jaslar arasında saw intellektual ortalıqtı qáliplestiredi hám kitap oqıwdı jámiyetlik mádeniyat dárejesine kóteredi.

Kitapxanalardıń zamanagóy iskerligi hám kitapqumarlıqtı násiyatlaw

Kitapxana kitapqumarlıq mádeniyatın rawajlandırıwshı eń áhmiyetli orınlardan biri. Biraq búgingi zaman kitapxanası tek ǵana kitap saqlanatuǵın orın bolıp qalmastan, ruwxıy-aǵartıwshılıq orayı, intellektual baylanıs maydanı, informaciya-resurs mákanı sıpatında iskerlik júrgiziwi kerek. Zamanagóy kitapxana jaslardı tartıw ushın qolaylı ortalıq, zamanagóy xızmet, elektron katalog, cifrlı resurslar, kitap tanıstırıwları hám interaktiv joybarlardı jolǵa qoyıwı zárúr.

Kitapxanalarda jaslar ushın arnawlı kitap oqıw zonaların shólkemlestiriw, jańa ádebiyatlar kórgizbesin turaqlı jańalap barıw, ataqlı shıǵarmalar boyınsha talqılawlar ótkeriw, audiokitap hám elektron kitap fondın keńeytiw kitapqumarlıqtı rawajlandırıwǵa xızmet etedi. Ásirese, sociallıq tarmaqlarda kitapxana betlerin belsendi júrgiziw, "hápte kitabı", "kitap oqıw usınısı", "kitaptan sitata" sıyaqlı rubrikalardı jolǵa qoyıw jaslardıń qızıǵıwshılıǵın arttırıwda nátiyjeli usıllardan biri.

Kitapxana xızmetkeriniń wazıypası endi tek kitap beriw menen sheklenbeydi; ol kitap násiyatshısı, kitap oqıw boyınsha másláhátshi, jaslar menen islesiwshi ruwxıy joldas wazıypasın da atqaradı. Sonıń ushın kitapxanashınıń kitap usınıs etiw mádeniyatı, jas psixologiyasın biliwi hám zamanagóy kommunikativlik kónlikpelerge iye bolıwı áhmiyetli.

Cifrlı dáwirde kitapqumarlıq: máseleler hám imkaniyatlar

Cifrlı texnologiyalardıń rawajlanıwı jaslardıń informaciyaǵa bolǵan qatnasın túpten ózgertti. Búgingi kúnde jaslar kóp waqtın telefon, planshet hám kompyuter aldında ótkermekte. Bul jaǵday ayırım jaǵdaylarda dástúriy kitap oqıwdıń páseyiwine alıp kelip atırǵan bolsa da, bul quallar kitapqumarlıqtı rawajlandırıw ushın da úlken imkaniyatlar jaratadı. Másele texnologiyanı biykarlawda emes, al onnan durıs hám maqsetli paydalanıwda.

Elektron kitaplar, audiokitaplar, onlayn kitapxanalar, kitap oqıw qosımshaları hám virtual kitap klubları jaslar ushın kitapqa qol jetkiziwdi talay ańsatlastıradı. Ásirese, waqtı tar studentler ushın audiokitaplar hám qısqa mazmunlar belgili bir shıǵarmaǵa qızıǵıwshılıq oyatıwshı qural bolıwı múmkin. Biraq bunda qısqa kontent kitaptıń ornın tolıq baspawı, kerisinshe, tolıq oqıwǵa baǵdarlawshı qural bolıp xızmet etiwi kerek.

Cifrlı dáwirdiń tiykarǵı máselelerinen biri – dıqqattıń bóliniwi hám júzeki oqıw ádetiniń kúsheyiwi.

Tez, qısqa hám vizual informaciyaǵa úyrenip qalǵan jaslar úlken kólemdegi tekstti dıqqat penen oqıwda qıyınshılıqqa dus keliwi múmkin.

Sonıń ushın kitapqumarlıqtı násiyatlawda basqıshpa-basqısh jantasıw zárúr: dáslep qızıqlı hám kólemi jeńilirek shıǵarmalardı usınıs etiw, keyin ala quramalıraq ilimiy hám kórkem ádebiyatlarǵa ótiw maqsetke muwapıq boladı.

Juwmaq

Juwmaqlap aytqanda, jaslardı kitapqumarlıqqa qızıqtırıw búgingi jámiyet aldında turǵan áhmiyetli ruwxıy-pedagogikalıq wazıypalardıń biri bolıp tabıladı. Kitap oqıw jaslardıń intellektuallıq potencialın asıradı, oylaw qábiletin bayıtadı, sóylew sheberligin rawajlandıradı, estetikalıq talǵamın qáliplestiredi hám olarda ǵárezsiz pikirlew kónlikpesin bekkemleydi. Eń áhmiyetlisi, kitap insannıń ruwxıy dúnyasın bayıtıp, onı kámil shaxs sıpatında qáliplestiriwge xızmet etedi.

Jaslar arasında kitapqumarlıq mádeniyatın rawajlandırıw ushın shańaraq, bilimlendiriw mákemeleri, kitapxanalar hám jámiyetshiliktiń birge islesiwi zárúr.

Shańaraqta kitapqumar ortalıqtı jaratıw, bilimlendiriw processinde kitap oqıwǵa qızıǵıwshılıqtı xoshametlew, kitapxanalardı zamanagóy bilim-aǵartıwshılıq oraylarına aylandırıw, sanlı qurallardan aqılǵa muwapıq paydalanıw kitapqumarlıqtı rawajlandırıwdıń tiykarǵı faktorlarınan esaplanadı.

Sonıń menen birge, jaslardıń qızıǵıwshılıqların, talapların hám jas ózgesheliklerin esapqa alǵan halda ádebiyat tańlaw, interaktiv usıllardan paydalanıw hám de kitaptı sociallıq qádiriyat sıpatında úgit-násiyatlaw úlken áhmiyetke iye.

Búgingi jedel hám quramalı informaciya keńisliginde kitap jaslar ushın tek ǵana bilim deregi emes, al ruwxıy tayanısh, oylaw mektebi hám turmıslıq jol kórsetiwshi qural bolıp qalmaqta.

Solay eken, jaslardı kitapqumarlıqqa qızıqtırıw máselelesine úzliksiz, sistemalı hám ilimiy tiykarlanǵan qatnas zárúr. Kitapqumar áwladtı tárbiyalaw – keleshekti tárbiyalaw degendi ańlatadı. Sebebi, kitap oqıǵan jastıń pikiri tereń, maqseti anıq, ruwxıylıǵı joqarı boladı.

## PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR:

1. Kitobxonlik haqida. Esse. Turk tilinen awdarmalaǵan: Marhabo Qo'chqorova

2. Agzamova D. M. Oila, yoshlar va kitobxonlik."XXI asirda bolalar kitobxonligi" kitabinan

3. Buyuk kelajaq kafolati. Slayd